


Kenbe Tibebe W An Sante ak An Sekirite Pran dispozisyon sa yo pandan pandemi COVID-19 la

Lyen Aksesib: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/pregnancy-breastfeeding.html>



Pa mete yon mask ni pwotèj figi sou tibebe ou an

Tibebe yo bouje souvan. Mouvman yo ka lakòz pwotèj figi an plastik la oswa mask la bloke nen yo ak bouch yo, oswa lakòz kòd la trangle yo.

- Timoun ki pi piti pase dezan pa dwe mete [mask](#) ni pwotèj figi.
- Si ou mete yon pwotèj figi oswa yon mask sou tibebe ou an, sa kapab ogmante risk pou [sendwòm lanmò sibit tibebe \(Sudden Infant Death Syndrome, SIDS\)](#) oswa sa ka trangle oswa toufe tibebe ou an.



Mete limit nan vizitè ki pou wè nouvo tibebe ou an


Nesans yon nouvo tibebe anjeneral rasanble fanmi yo pou yo selebre. Anvan ou pèmèt vizitè antre lakay ou:

- Panse a risk pou COVID-19 pou tèt ou, pou tibebe ou an, moun ki abite avèk ou, ak pou vizitè yo, tankou granparan oswa lòt [moun ki plis riske gen maladi grav nan COVID-19](#).
 - » Si ou mennen lakay ou moun ki pa abite avèk ou, sa kapab ogmante risk pou gaye COVID-19.
 - » Gen kèk moun ki pa gen sentòm ki kapab transmèt viris la.
- Mete limit nan rasanbleman fas a fas yo epi anvizaje lòt opsyon, tankou selebre ak mwayen vityèl, pou moun ki vle wè nouvo tibebe ou an.



Kenbe 6 pye distans ant tibebe ou an ak moun ki pa abite nan kay ou, epitou ant tibebe ou an ak moun ki malad

- Konsidere risk ki genyen pou COVID-19 pou oumenm ak pou tibebe ou an anvan ou [deside si pou ou sòti deyò](#) pou aktivite apa vizit pou swen sante oswa pou gadri.
- Poze [pwogram gadri](#) ou an kesyon sou plan yo gen anplis pou pwoteje tibebe ou an, fanmi ou, ak anplwaye pa yo.



Konnen siy ak sentòm ki posib yo nan enfeksyon COVID-19 kay tibebe yo

Tibebe laj mwens ke 1 lane ta ka gen plis chans pou yo gen maladi grav nan COVID-19 pase timoun ki pi gran yo, men pifò tibebe ki gen tès pozitif pou COVID-19 gen sentòm lejè oswa yo pa gen sentòm.

- Sentòm yo rapòte kay tibebe ki fenk fèt ki gen COVID-19 gen ladan lafyè, yo twò fatige oswa yo twò pa aktif, nen k ap koule, tous, vomisman, dyare, yo pa manje byen, ak pwoblèm pou respire oswa respirasyon sipèfisyèl.
- Si tibebe ou an vin gen sentòm oswa si ou panse tibebe ou an te petèt ekspozè nan COVID-19:
 - » Kontakte founisè swen sante tibebe ou an oplita nan 24 èdtan epi swiv [etap yo pou pran swen timoun ki gen COVID-19](#).
 - » **Si tibebe ou an gen siy avètisman dijans yo (pa egzanp pwoblèm pou respire), jwenn swen dijans touswit. Rele 911.**



CS 321872-1 02/08/2021

cdc.gov/coronavirus



Mennen tibebe ou nan tchekòp pou tibebe ansante

Pa sote randevou swen sante tibebe ou an. Vizit tibebe ki fenk fèt yo dwe fèt an pèsòn, si sa posib. Nan fason sa, founisè swen sante tibebe ou an kapab:

- Tcheke kijan oumenm ak tibebe ou an ye anjeneral.
- Tcheke kwasans ak alimantasyon tibebe ou an.
- Tcheke si tibebe ou an gen [lajonis](#).
- Asire ou ke [tès depistaj nouvone](#) tibebe ou an te fèt, epi fè nenpòt tès ki dwe refè oswa tès swivi yo.

Si ou panse oumenm oswa tibebe ou an ka gen COVID-19 oswa ou te ka petèt ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19, rele founisè swen sante tibebe ou an anvan ou fè vizit.



Asire ou ke tibebe ou an dòmi an sekirite

Dòmi an sekirite se yon eleman enpòtan pou kenbe tibebe yo an sante. Pran dispozisyon pou ede tibebe ou an dòmi san danje epi redwi risk lanmò tibebe anrapò ak somèy, sa gen ladan sendwòm lanmò sibat tibebe (SIDS):

- Mete tibebe ou an sou do pou tout lè dòmi yo – ti kabicha ak pandan lannwit.
- Sèvi ak yon sifas pou dòmi ki fèm, plat, pa egzanp yon matla nan yon bèso ki kouvri ak yon fouwo. Tibebe ou an pa dwe dòmi sou yon kabann granmoun, kad, matla van, kanape, oswa chèz.
- Fè tibebe a pataje chanm ak ou, men se pa kabann ou. Tibebe ou an dwe dòmi sou pwòp sifas li, apa parapò ak ou ak lòt granmoun oswa lòt timoun.
- Pa mete atik kabann mou – tankou dra, zòrye, kousen pwoteksyon, ak jwèt mou – nan zòn tibebe ou an dòmi.
- Pa kouvri tèt tibebe ou an ni pa kite tibebe ou an vin twò cho. Siy ki ka endike tibebe ou an vin twò cho gen ladan transpirasyon oswa santi pwatrin li cho.
- Pa fimen ni pa kite pèsonn fimen bò kote tibebe ou an.



Asire pwòp sante sosyal, emosyonèl, ak sante mantal ou

Pandan pandemi COVID-19 la, paran yo ka plis [strese](#) ak fatige.

- Aprann fason pou sipòte estrès ak [konsèy pou pran swen tèt ou](#) pandan pandemi COVID-19 la.
- Rele founisè swen sante ou si ou panse ou gen [depresyon](#) apre gwosès.